

Nimewo Pwotokòl IRB a:
Kòd Etid Depatman sa a:

Chèchè Prensipal:

Otorizasyon pou Rechèch HIPAA- Fomilè B
OTORIZASYON POU UTILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL

Mwen dakò pou: *University of Miami* *Jackson Health System* *Toulède*, ak tout doktè mwen yo ak lòt moun ki ban mwen swen sante (ansanm “Founisè”), chèchè prensipal, ak kolaboratè [*li yo*] ak ekip chèchè (ansanm “Chechè”), pou pran, itilize ak divilge enfòmasyon medikal sou mwen jan sa endike anba a. Anplwaye otorize ki pa enplike nan etid la kapab vin konnen m ap patisipe nan yon etid rechèch, epitou yo kapab gen aksè nan enfòmasyon mwen yo. Si etid la anrapò ak swen medikal mwen, yo kapab mete nenpòt enfòmasyon ki anrapò ak etid la nan dosye pèmanan mwen ki nan biwo lopital, biwo klinik oswa biwo doktè.

1. Men kèk enfòmasyon medikal yo gen dwa itilize ak divilge:

- Tout enfòmasyon yo pran pandan rechèch la ak pwosedi ki dekri nan Fòm Konsantman Eklere a pou Rechèch la jan li dekri nan Fòm Konsantman Eklere espesifik pou etid la (“Rechèch la”); epi,
- Enfòmasyon ki nan dosye medikal mwen ki enpòtan pou rechèch la, sa enkli enfòmasyon medikal nan pase m ki gen enfòmasyon medikal doktè swen primè mwen an bay ak lòt enfòmasyon medikal ki gen rapò ak patisipasyon mwen nan etid la; epi

[Ou dwe mete inisyal ou akote bwat pou tyeke ki anba a pou ka pèmèt yo gen aksè nan dosye sa yo]

_____ Sitiyasyon VIH/SIDA

Enfòmasyon ki gen rapò ak VIH, ki gen ladan l tout enfòmasyon ki endike mwen te fè yon tès ki gen rapò ak VIH, oswa mwen fè enfeksyon VIH, maladi ki gen rapò ak VIH oswa SIDA, oswa tout enfòmasyon ki ta ka endike mwen te potansyèlman ekspozé a VIH.

_____ Maladi ki seksyèlman transmisib (MST).

_____ Dosye sou tretman pou sante mantal selon lwa eta a (ikonpri dosye sou sante mantal ki gen rapò ak tretman pou sante mantal volontè oswa envolontè).

Dosye sante mantal yo ka genyen ladan l enfòmasyon sou abi sibstans.

_____ Dosye sou tretman pou abi sibstans (dwòg ak alkòl).

Enfòmasyon sou abi sibstans yo ka fè pati dosye sante mantal yo.

_____ Enfòmasyon sou agresyon seksyèl.

2. Founisè yo kapab divilge enfòmasyon nan dosye medikal mwen bay:

- Chèchè yo;
- Reprèzantan ajans gouvènman, tout lòt gwoup ki angaje nan sektè sa yo, komite revizyon, ak lòt moun ki kontwòle sekirite, bon fonksyonman ak konpòtman yon rechèch; ak
- Pwomotè Rechèch la,

ak ajan li yo, monitè li yo, ansanm ak kontraktè li yo (ansanm “Pwomotè”).

University of Miami - Office of HIPAA Privacy and Security
PO BOX 019132 (M879) hipaaprivacy@med.miami.edu
Miami, FL 33136 (305)243-5000

OTORIZASYON POU UTILIZE AK DEWALE ENFÒMASYON MEDIKAL

Form
D3901001C

Revised
11/10/14



NAME: _____

MRN: _____

Last 4 Digits of SS#: _____

AGE: _____ DOB: ____/____/____

DATE OF SERVICE: ____/____/____

© 2003 University of Miami

Page 1 of 3

Nimewo Pwotokòl IRB a:

Chèch Prensipal:

Kòd Etid Depatman sa a:

3. Chèchè yo gen dwa itilize ak pataje enfòmasyon medikal mwen:

- Antre yo menm, ak Pwomotè a, tout lòt gwoup, etablisman swen sante, sant rechèch, komite endepandan kontwòl ak sekirite done, monitè etid yo, ak lòt chèchè (andedan ak/oswa deyò) k ap patisipe pou fè rechèch la;
- Ajans federal ak ajans Eta ki sipèvize etid la oswa ki oblije gen aksè daprè lalwa. Ajans sa yo kapab enkli FDA, OHRP, NIH ak Florida DOH; epi
- Jan Fòm Konsantman Eklere a pèmèt sa.

4. Pwomotè a ak tout lòt gwoup ki angaje nan sektè sa yo, gen dwa itilize ak pataje enfòmasyon medikal mwen nan bi rechèch la, sekirite ak kontwòl done, ak jan Fòm Konsantman Eklere a pèmèt sa. Òganizasyon Rechèch ki gen Kontra (yo):

Yon fwa yo fin divilge enfòmasyon medikal mwen bay yon tyès pati,

lalwa federal pou konfidansyalite p ap kapab pwoteje enfòmasyon an pou lòt moun pa wè li.

6. Mwen otorize Pwomotè a pou l obsève tout pwosedi medikal mwen fè ki fè pati Rechèch la.

7. Pou enfòmasyon ou:

Ou pa oblije siyen Otorizasyon sa a, men si ou pa siyen li, ou gen dwa pa kapab patisipe nan rechèch la. Si ou pa siyen otorizasyon sa a, sa pa pral afekte dwa w pou resevwa lòt tretman medikal.

Ou gen dwa chanje lide epi anile (retire) otorizasyon sa a nenpòt lè pou nenpòt ki rezon. Si ou vle anile Otorizasyon sa a, ou dwe ekri nenpòt nan adrès sa yo:

***Non Moun ki Travay nan Etid Rechèch la:**

Adrès:

Nimewo Telefòn:

Human Subjects Research Office

Adrès: 1400 NW 10th AVE, Suite 1200A Miami, FL 33136

No. Tel.: (305) 243-3195

Sepandan, si ou anile Otorizasyon sa a, nou p ap kite w kontinye patisipe nan Rechèch la. Epitou, menm si ou anile Otorizasyon sa a, Founisè yo, chèchè yo, tout lòt gwoup ki angaje nan sektè sa yo, ak Pwomotè a kapab kontinye itilize ak divilge enfòmasyon w yo te deja rasanble pou pwoteje entegrite rechèch la oswa jan Fòm Konsantman Eklere a pèmèt sa.

University of Miami - Office of HIPAA Privacy and Security
PO BOX 019132 (M879) hipaaprivacy@med.miami.edu
Miami, FL 33136 (305)243-5000

**OTORIZASYON POU UTILIZE AK DEWALE ENFÒMASYON
MEDIKAL**

Form
D3901001C

Revised
11/10/14

NAME: _____

MRN: _____

Last 4 Digits of SS#: _____

AGE: _____ DOB: ____/____/____

DATE OF SERVICE: ____/____/____



Nimewo Pwotokòl IRB a:

Chèchè Prensipal:

Kòd Etid Depatman sa a:

Pandan rechèch la ap dewoule, li ka pa posib pou ou wè enfòmasyon medikal ou *University of Miami* *Jackson Health System* *toulède*, te kreye oswa rasanble pandan rechèch la. Men apre rechèch la fini, ou gen dwa wè enfòmasyon ou jan li dekri nan dokiman pou Pratik Konfidansyèl la ki soti nan *University of Miami* *Jackson Health System* *toulède*.

***Moun ki Travay nan Rechèch la sipoze voye kopi anilman otorizasyon sa a nan: Office of HIPAA Privacy and Security AK Human Subjects Research Office.**

8. Otorizasyon sa a pa gen yon dat ekspirasyon (dat li fini). Pa genyen dat ki fikse pou lè yo pral detwi enfòmasyon ou yo oswa pou lè yo p ap itilize yo ankò. Se paske yo kapab analize enfòmasyon yo itilize oswa kreye pou etid la pandan anpil ane, epi li pa posib pou konnen kilè sa ap fin fèt.

9. N ap ba ou yon kopi Otorizasyon sa a apre ou fin siyen li.

Siyati Patisipan an oswa reprezantan legal li

Dat

Ekri non patisipan an

Ekri non reprezantan legal la (si gen youn)

Kisa reprezantan legal la ye pou patisipan an

***Moun ki Travay nan Rechèch dwe voye kopi ak siyati nan Office of HIPAA Privacy and Security. Pou nenpòt ki kesyon kontakte Human Subjects Research Office nan 305-243-3195.**

University of Miami - Office of HIPAA Privacy and Security
PO BOX 019132 (M879) hipaaprivacy@med.miami.edu
Miami, FL 33136 (305)243-5000

**OTORIZASYON POU UTILIZE AK DEFWALE ENFÒMASYON
MEDIKAL**

NAME: _____

MRN: _____

Last 4 Digits of SS#: _____

AGE: _____ DOB: ____/____/____

DATE OF SERVICE: ____/____/____

